

KONPOTEMAN GOUVENMAN-OU

ELEKSYON

Pou-ou nan travay-la

Enfòmasyon pou votè nan eleksyon NLRB

Préparé pa

KOMISYON NASYONAL RELASYON AK TRAVAY

Yon ajans

GOUVENMAN ETAZINI

Enfòmasyon Jénéral

Anvan nenpòt eleksyon fèt pa NLRB n-ap jwenn yon avi sou eleksyon ki afiché nan travay nou k-ap infòmé-w de:

- Dat-la, lè, avèk koté eleksyon-an ap fèt
- Péryod péwòl élijibilité pou moun k-ap voté yo
- Yon deskripsyon anplwayé ki nan biwo vòt yo
- Règleman jénéral nan fason pou eleksyon yo fèt

Genyen yon modèl sou bilten vòt la nan afich eleksyon-an sé sèlman koulè-a ki diféran, se menm kalité bilten vòt sa n-ap jwenn lè n-ap voté.

Nou dwé li avi eleksyon-an konsa n-ap vini abityé avèk bilten vòt-la

Biwo Vòt-la

Nan biwo vòt la ap genyen yon tab, yon koté sekre pou kapab voté, epi yon bwat ki genyen bilten vòt yo. Sou tab la ap genyen obsèvatè pou sendika ak anplwayè-a e yon reprézantan NLRB, chak moun sa yo ap poté sou yo yon badj ofisyèl. Idantifikasyon obsèvatè yo ap genyen “Obsèvatè” ékri sou yo. Reprézantan NLRB ap genyen idantifikasyon “Ajan” sou yo.

Ajan ap anchaj eleksyon-an. Si ou genyen kesyon, palé sèlman avèk ajan.

Pwosédi vòt-la

1è Etap: Alé sou tab vòt la, kanpé nan liy si nésésè.

2è Etap: Bay non-ou, ak niméwo revèy la si ou genyen yonn, a obsèvatè yo. Obsèvatè yo ap jwenn non-ou nan lis vòt la e l-ap di ajan ke li jwenn non-ou. Si nenpòt kesyon ta pozé, palé sèlman avèk ajan. Pa palé avèk obsèvatè yo.

3è Etap: Aprè ke non-ou te fini tcheké, alé koté ajan pou li ba-w bilten vòt-ou.

4è Etap: Alé nan kabin vòt ki vid la. Fè chwa-w sou bilten vòt la avèk yon x sèlman. Pa siyen bilten vòt la. Pliyé bilten-an pou kaché vòt ou e kité kabin vòt la pran bilten-an avèk-ou.

5è Etap: Mété bilten vòt ou nan bwat vòt la pou kont-ou. Pa kité okenn lòt moun touché li.

6è Etap: Soti nan biwo vòt la.

W-ap remaké ke se ajan sèlman ki touché bilten vòt vid yo e se ou menm sèl ki manyen bilten ou maké-a. Dépi ou fini dépozé bilten ou maké-a nan bwat bilten-an, li vini mélanjé avèk tout lòt bilten ki nan bwat la avèk sa li pa kapab idantifyé. Pèsonn pa kapab detèminé kijan ou te voté.

Bilten Vòt Kontesté

Pafwa kapab genyen kesyon sou elijibilitéè kèk moun. Nenpòt obsèvatè oswa yon reprézantan NLRB kapab kontesté-li, sepandan li ta dwé pou yon bon kòz men se pa pou rézon pèsone. Pa egzanp, yon non ka pa parèt sou lis elijibilitéè-a paské te genyen yon erè nan ékriti-a.

Si vòt ou-a kontesté, alé avèk bilten vòt ou nan kabin nan, maké li, pliyé-l pou vòt ou-a kapab reté sekre, e retounen sou tab vòt la. Ajan ap ba-ou yon anvelop pou mété bilten kontesté-a, non-ou ékri sou anvelop la ak nimewo revèy la e rézon ki fè genyen kontestasyon-an. W-ap mété bilten-an nan anvelop la. W-ap selé anvelop la, e w-ap dépozé li nan bwat bilten-an.

W-ap noté ke menm lè non-ou sou tèt anvelop la li pa sou bilten an.

Sekre vot ou-a kenbé paské si bilten kontesté yo dwé kontrolé e si pi devan ankèt montré ke votè kontesté yo élijib pou yo voté, souch ki genyen non ak nimewo revèy votè-a endividyèl la ap déchiré premyèman e jeté. Tout anvelop bilten kontesté yo ap mélanjé ansanm. Bilten vòt yo ap rétiré e kontwolé pa ajan Konsèy la. Pa metòd sa sekre vòt la ap kenbé.

Dwa Travayè yo

Ou genyen dwa dapre lalwa fédéral pou voté de fason lib, ékitab, nan onèteté, eleksyon bilten sekre-a ap detèminé si travayè yo vlé reprézantasyon sendika. Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans nan gouvènman Etazini ki pwotejé dwa sa e avèk lòt dwa enpòtan ki garanti pa Lwa Nasyonal Relasyon Travay de 1935.

Anba seksyon 7 nan Lwa Nasyonal Relasyon Travay, travayè yo gen dwa:

- Pou yo òganizé tèt yo.
- Pou fòmé, fè pati, oswa asisté òganizasyon travay yo.
- Négosyé Kolektivman atravè reprézantan ke yo chwazi.
- Pou aji ansanm, nan bi pou négosiasyon kolektif oswa avèk lòt èd mityèl oswa pwoteksyon.
- Pou refizé fè okenn oswa tout bagay sa yo. Toutfw sendika ak anplwòyè-a, nan yon éta koté akò sa yo otorizé, yo kapab rantré nan yon akò sekirité sendika ki egzijé pou travayè yo pèyè kotizasyon peryodik yo avèk frè inisyal.

Moun ki pa manmb yo ki enfòmé sendika ke yo pa dakò pou lajan pa yo itilize nan aktivite ki pa reprezante yo men yo genyen egzijans pou yo peye sèlman pou aktivite ke sendika reprezante yo tankou (Negosasyon kolektif, kontra administratif, ajisteman griyèf).

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la vle ke tout votè ki elijib vini familiarize avèk dwa yo anba lwa sa e li vle ke touledé anplwaye ak sendika yo konnen sa l-ap atann de yo lè l-ap fè yon eleksyon.

Lè genyen yon eleksyon, Konsèy la ap pwotèje dwa-w a yon chwa lib anba lwa sa. Movèz kondwit pap toléré. Nap atann de tout pati nan eleksyon Konsèy la pou yo kapab kolabore antyèman avèk ajans-la nan aplikasyon prensip debaz yo pou yon eleksyon san pati pri jan la lwa mande-l. Komisyon Nasyonal Relasyon Travay la kòm yon ajan gouvènman Etazini pap andòse okenn chwa nan eleksyon yo.

Pwoteksyon dwa-w

Konsèy-la aplike règle pou eleksyon li yo kapab jis e onèt. Si ajan sendika oswa anplwaye yo ap entèfere avèk dwa-ou pou yon eleksyon lib, jis, e onèt, konsèy la kapab anile eleksyon-an. Lè li apropriye konsèy la kapab pran lòt mezi tankou répran nan travay travayé yo ki te révoke paské yo t-ap révandike dwa yo, enkli kòb ke yo pat touche nan men pati ki té responsab révokasyon yo. Kondwit sa yo se yon séri de egzàn ki kapab intèfere avèk dwa travayé yo e ki kapab lakòz yon eleksyon anile;

- Menas pou pèdi travay ou oswa bènèfis ofri pa yon anplwaye oswa yon sendika
- Pwomès oswa bay pwomosyon, ògmantasyon salè, oswa lòt bènèfis yo, pou enfluyansé vòt yon travayé pa yon pati ki kapab délivré pwomès sa yo.
- Anplwaye ki révoke yon travayé pou dékourajé oswa ankourajé aktivite sendika oswa sendika ki lakòz révokasyon travayé-yo pou ankourajé aktivite sendika.
- Fè diskou kanpay elèktoral pou rasanblé gwoup travayé yo nan lè travay la nan yon peryod de 24 èdtan anvan eleksyon-an
- Provokasyon pa oswa anplwaye oswa yon sendika sou diskriminasyon rasyal oswa prejije sou relijyon pa apèl pou fè vyolans.
- Menas fòs fizik oswa vyolans sou travayé yo pa yon sendika oswa yon anplwaye pou enfluyansé vòt yo.

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay pwotejé dwa-w pou yon eleksyon jis avèk yon lib chwa

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans sèvis piblik li ankourajé-w vizité biwo li yo pou enfòmasyon. Pou plis enfòmasyon, alé nan adrès entènèt NLRB: www.nlr.gov

Biwo Santral : Washington, DC 20570-001

MAIN OFFICE: Washington, DC 20570-0001 1099 14th Street, N.W., Telephone (202) 273-1000

Biwo Rejyonal NLRB yo:

Albany, NY (518) 431-4155
Albuquerque, NM (505) 248-5125
Anchorage, AK (907) 271-5015
Atlanta, GA (404) 331-2896
Baltimore, MD (410) 962-2822
Birmingham, AL (205) 731-1062
Boston, MA (617) 565-6700
Brooklyn, NY (718) 330-7713
Buffalo, NY (716) 551-4931
Chicago, IL (312) 353-7570
Cincinnati, OH (513) 684-3686
Cleveland, OH (216) 522-3716
Denver, CO (303) 844-3551
Des Moines, IA (515) 284-4391
Detroit, MI (313) 226-3200
El Paso, TX (915) 565-2470
Fort Worth, TX (817) 978-2921
Grand Rapids, MI (616) 456-2679
Hartford, CT (860) 240-3522
Honolulu, HI (808) 541-2814
Houston, TX (713) 209-4888
Indianapolis, IN (317) 226-7430
Jacksonville, FL (904) 232-3768
Las Vegas, NV (702) 388-6416
Little Rock, AR (501) 324-6311
Los Angeles, CA (213) 894-5200

Los Angeles, CA (310) 235-7352
Memphis, TN (901) 544-0018
Miami, FL (305) 536-5391
Milwaukee, WI (414) 297-3861
Minneapolis, MN (612) 348-1757
Nashville, TN (615) 736-5921
Newark, NJ (973) 645-2100
New Orleans, LA (504) 589-6361
New York, NY (212) 264-0300
Oakland, CA (510) 637-3300
Overland Park, KS (913) 967-3000
Peoria, IL (309) 671-7080
Philadelphia, PA (215) 597-7601
Phoenix, AZ (602) 379-3361
Pittsburgh, PA (412) 395-4400
Portland, OR (503) 326-3085
St. Louis, MO (314) 539-7770
San Antonio, TX (210) 472-6140
San Diego, CA (619) 557-6184
San Francisco, CA (415) 356-5130
San Juan, PR (787) 766-5347
Seattle, WA (206) 220-6300
Tampa, FL (813) 228-2641
Tulsa, OK (918) 581-7951
Washington, DC (202) 208-3000
Winston-Salem, NC (336) 631-5201

